



Pou Piblikasyon Imedya: 13/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON NAN DIVIZYON APÈL TRIBINAL SIPRÈM LAN

Nominasyon pou ranpli pòs vid nan Divizyon Apèl Tribinal Siprèm lan, Premye Depatman Eta New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kat nominasyon pou ranpli pòs vid nan Divizyon Apèl Tribinal Siprèm (Appellate Division of the Supreme Court) lan, nan Premye Depatman Eta New York (First Department of New York State) la. Jij yo chwazi jodi a reflekte divèsite, talan ak eksperyans ki prezan nan tout sistèm jidisyè New York la.

"Tribinal Eta New York yo gen gwo enpak sou lwa yo ki fasone lavi chak jou sitwayen yo, epi jij yo a ta dwe montre angajman solid pou jistis ak ekite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen fyè pou mwen nome kat moun ke sèvis egzanplè yo a kalifye yo pou sèvi nan Tribinal Siprèm Divizyon Apèl New York la epi mwen swete yo siksè nan travay yo a pou Nouyòkè yo nan Manhattan ak Bronx."

Divizyon Apèl Premye Depatman Nonmen:

Gouvènè a te nome Jij Tribinal Siprèm Saliann Scarpulla, Manuel Jacobo Mendez Olivero, Martin Shulman, ak Tanya R. Kennedy pou ranpli pòs vid yo nan Divizyon Apèl-Premye Depatman an. Premye Depatman an kouvri Manhattan ak Bronx.

Onorab Saliann Scarpulla

Aprè li te fin gradye nan fakilte dwa, Jij Scarpulla te travay kòm grefye pou Onorab Alvin F. Klein nan Tribinal Siprèm, Konte New York. Lè li te fin konkli estaj li a, Jij Scarpulla te rejwenn Proskauer Rose Goetz ak Mendelsohn kòm avoka pou litij. Jij Scarpulla te ale apre nan Sosyete Asirans Depo Federal (Federal Deposit Insurance Corporation, FDIC) la kòm Avoka Senyò. Soti nan FDIC a Jij Scarpulla te vini Vis Prezidan Senyò ak Avoka Labank pou Hudson United Bank. Jij Scarpulla te retounen nan sistèm tribinal Eta New York la kòm Pwokirè Tribinal Prensipal pou Onorab Eileen Bransten. Li te eli answit nan Tribinal Sivil Vil New York (New York City Civil Court) an 2001, li te nome nan Tribinal Siprèm Eta New York la an 2009, epi li te eli nan Tribinal Siprèm lan an 2012. Depi fevriye 2014, Jij Scarpulla te syeje nan Tribinal Siprèm lan, Divizyon Komèsyal Konte New York. An 2019, Jij Scarpulla te nome tou pou jere kesyon abitraj komèsyal entènasyonal ki pandan nan Tribinal Siprèm Eta New York. Jij Scarpulla aktif nan Vil New York ak nan asosyasyon bawo yo nan tout Eta a epi se yon

Reprezantan Tribinal Kòmès (Business Court Representative) nan Asosyasyon Bawo Ameriken (American Bar Association). Jij Scarpulla te fè doktora an dwa li nan Brooklyn Law School, avèk mansyon onorifik.

Onorab Manuel Jacobo Mendez Olivero

Jij Mendez te yon Jij nan Tribinal Siprèm, Eta New York, depi eleksyon li an 2012 epi depi 2018 li te jij kowòdonatè nan Konfli Amyant Vil New York (New York City Asbestos Litigation, NYCAL). Avan eleksyon li a, Jij Mendez te eli Jij nan Tribinal Sivil la, Konte New York an 2003, epi li te sèvi kòm Jij nan Tribinal Sivil la soti 2004 rive janvyè 2010. Li te prezide pa Dezinyasyon nan Tribinal Kriminèl Bronx (Designation in Bronx Criminal Court) soti 2008 rive janvyè 2010, epi kòm Jij Pwovizwa nan Tribinal Siprèm lan, Konte Bronx soti janvyè 2010 rive janvyè 2011, epi answit Konte New York la jiska eleksyon li nan Tribinal Siprèm lan an 2012. Avan eleksyon li a nan Tribinal Siprèm lan, Jij Mendez te angaje nan pratik prive lwa kòm yon pratisyen endividyèl (Law Office of Manuel J. Mendez, P.C.), soti 1999 rive 2003, epi kòm yon patenè nan kabinè Kwasink & Mendez, P.C. soti 1993 rive 1998. Li te travay kòm yon Avoka Pèsonèl Senyò nan Divizyon Defans Kriminèl nan Sosyete Asistans Legal (Legal Aid Society Criminal Defense Division) nan Bronx soti septanm 1990 rive oktòb 1993. Jij Mendez te fè doktora an dwa li nan Fakilte Dwa Universidad Central Del Este nan Repiblik Dominikèn.

Onorab Martin Shulman

Jij Shulman te premye eli nan Tribinal Siprèm Konte New York la nan Premye Depatman Jidisyè a an 2005 avèk manda li ki fini an 2019, epi an 2019, li te re-eli nan Tribinal Siprèm Konte New York la pou yon lòt manda 14 ane. Nan Premye Depatman Jidisyè a, li te sèvi kòm Jij Prezidan nan Gwoup Apèl la, yon pozisyon ke Jij Administratif Prensipal Lawrence K. Marks te nome li an 2018. Jij Shulman te premye vini yon jij nan Gwoup Apèl lè Jij Administratif Prensipal Ann Pfau te nome li an 2009. Soti 1999 rive 2004, li te sèvi kòm yon Jij Pwovizwa apre Jij Administratif Prensipal lè sa a, Jonathan Lippman, te nome li. Anplis tan li a avèk Tribinal Siprèm Konte New York la, Jij Shulman te yon Jij tou nan Tribinal Sivil Konte New York soti 1995 rive 2014. Jij Lippman te nome tou Jij Shulman kòm Jij Sipèvizè nan Tribinal Sivil Konte New York la. Avan li te vini yon Jij, Jij Shulman te yon Asosye, answit yon Patenè nan konfli imobilye kabinè Shaw & Binder. Avan Shaw & Binder, Jij Shulman te okipe plizyè pozisyon nan Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominotè Eta New York (New York State Division of Housing and Community Renewal) (ke yo te rele avan sa Konsèy Konsilyasyon ak Apèl Vil New York [New York City Conciliation and Appeals Board]), gen ladan Vis Responsab Biwo Revizyon Administratif (Administrative Review Bureau) la, yon Avoka Sipèvizè ak yon Avoka Pèsonèl soti 1982 rive 1987. Li Avoka Tribinal tou pou Onorab Eugene L. Nardelli soti 1981 rive 1982. Jij Shulman te fè doktora nan dwa li nan Fakilte Dwa Benjamin N. Cardozo.

Onorab Tanya R. Kennedy

Jij Kennedy te sèvi kòm yon Jij nan Tribinal Siprèm, Konte New York, depi janvyè 2016, apre eleksyon li an novanm 2015. Li te eli nan Tribinal Sivil la an novanm 2005 epi answit li te sèvi nan Tribinal Siprèm (Janvyè 2006-septanm 2008), Tribinal Sivil

(septanm 2008-desanm 2009), Tribinal Siksesyon (janvye 2010-desanm 2010), kòm Jij Pwovivwa Tribinal Siprèm (janvye 2011-desanm 2012) epi kòm Jij Sipèvizè Tribinal Sivil (janvye 2014-desanm 2015). Kòm yon Jij Tribinal Siprèm Pwovizwa, Jij Kennedy te prezide yon kalandriye entegre pou titèl ak pwopriyetè-lokatè epi li te reyalize odyans san asistans jiri yo chak jou soti janvye 2012 rive desanm 2013. Avan eleksyon li nan Tribinal Siprèm lan, Jij Kennedy te grefye an dwa prensipal pou Onorab Barry A. Cozier ni lè li te yon Jij Asosye nan Divizyon Apèl Dezyèm Depatman an (Mas 2001-desanm 2005) ak lè li te yon Jij nan Divizyon Komèsyal la, Konte New York (me 1999-mas 2001). Avan estaj li avèk Jij Cozier, Jij Kennedy te sèvi nan Biwo Avoka Sosyete (Office of the Corporation Counsel), Depatman Jiridik Vil New York (New York City Law Department), kòm yon Avoka Asistan Sosyete (Assistant Corporation Counsel) nan Divizyon Tribinal Siksesyon Bronx lan (Out 1992-out 1994) ak nan Divizyon Deli Sivil (Out 1994-out 1997), kote li te pran pwomosyon kòm Asistan Vis Responsab. Jij Kennedy te fè doktora nan dwa li nan Fakilte Dwa Benjamin N. Cardozo.

Komite Seleksyon Jidisyè (Judicial Screening Committee) Premye Depatman an, Divizyon Apèl la te revize aplikasyon yo epi te fè entèvyou ak plizyè douzèn aplikan. Se sèlman aplikan ke Komite yo jije "trè kalifye" ke yo te soumèt bay Gouvènè a pou konsiderasyon li. Pou yo ka jwenn yon moun "trè kalifye", kandida yo dwe afiche entegrite, endepandans, lidèchip, entèlijans, kapasite legal, jijman, tanperaman, ak eksperyans.

Biwo Gouvènè pral kontinye revize kandida yo ki avanse avèk siksè nan pwosesis siveyans lan pou ranpli pòs vid yo nan Divizyon Apèl Tribinal Siprèm lan.

Daprè Konsititasyon Eta New York ak Lwa Jidisyè, Gouvènè a gen otorite pou li nonmen Jij nan chak Divizyon Apèl pami sila yo ki te chwazi kòm jij nan Tribinal Siprèm. Nominasyon sa yo pa bezwen konfimasyon Sena a.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)